

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bagian dipedar ngeunaan (1) desain panalungtikan, (2) sumber data panalungtikan, (3) prosedur panalungtikan, (4) téhnik ngumpulkeun data, (5) instrumén panalungtikan, jeung téhnik ngolah data.

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif kualitatif. Nurutkeun Pradoko (dina Purwatiningsih, 2024), panalungtikan kualitatif miboga tujuan pikeun ngébréhkeun ma'na rupa-rupa fénoména matéri ulikan anu ditalungtik. Jenis ieu panalungtikan sok disebut panalungtikan interprétatif, lantaran jenis ieu panalungtikan museur pikeun ngébréhkeun ma'na objék material kabudayaan masarakat. Fénoména objék material di masarakat lain saukur ditilik minangka objék material sacara fisik tapi ogé usaha ngébréhkeun ma'na di balik fénoména permasalahan objék material anu ditalungtik.


Dumasar kana pedaran di luhur, panalungtik milih ngagunakeun métode déskriptif kualitatif lantaran luyu jeung tujuan pikeun ngalaksanakeun panalungtikan ngeunaan ngagunakeun diksi jeung gaya basa dina rumpaka kawih album “Kagoda”. Fokus dina ieu panalungtikan nya éta nalungtik struktur puisi anu aya dina rumpaka kawih album “Kagoda” pikeun ngaréprésentasikeun wanoja.

3.1 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan mangrupa rarancang anu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data anu rék ditalungtik. Tujuan tina desain panalungtikan ieu nya éta pikeun ngajelaskeun léngkah-léngkah anu dilakukeun dina ngalaksanakeun panalungtikan. Sangkan leuwih jéntré, desain ieu panalungtikan baris digambarkeun dina ieu bagan.

3.2 Prosedur Panalungtikan

Prosedur panalungtikan mangrupa léngkah-léngkah ngalaksanakeun panalungtikan dimimitian ku tatahar nepi ka nyusun laporan. Sangkan leuwih jéntré, prosedur ieu panalungtikan digambarkeun dina tabél ieu di handap.



Bagan 3.2 Prosedur Panalungtikan

1) Ngumpulkeun Data

Ngumpulkeun data nya éta prosés sistematis pikeun ngumpulkeun, ngatur, jeung nyatet informasi anu rélevan pikeun tujuan panalungtikan. Tujuan utama ngumpulkeun data nya éta pikeun meunangkeun informasi anu akurat jeung valid, anu bisa digunakeun pikeun ngadukung hipotésis, nganalisis fénoména, atawa nyieun kacindekan dumasar kana bukti. Ieu di handap léngkah-léngkah ngumpulkeun data ieu panalungtikan.

- 1) Ngaidéntifikasi sumber pustaka anu rélevan.
- 2) Ngumpulkeun kawih dina album “Kagoda” anu dipopulérkeun ku Dewi Azkiya.
- 3) Analisis rumpaka kawih dina album “Kagoda” anu dipopulérkeun ku Dewi Azkiya.
- 4) Méré tanda bagian-bagian dina rumpaka kawih anu aya patalina jeung panalungtikan.
- 5) Kroscék data
- 6) Salin kana kartu data

2) Réduksi Data

Réduksi data mangrupa prosés nyederhanakeun jeung milih informasi tina data anu geus dikumpulkeun. Tujuanana nya éta pikeun ngurangan jumlah data tanpa ngaleungitkeun informasi penting. Dina ieu prosés, panalungtik baris ngaidéntifikasi jeung ngatur data anu rélevan, sahingga leuwih gampang pikeun nganalisis. Réduksi data bisa dilakukeun ku cara ngagolongkeun informasi, nyimpulkeun data, atawa mupus data nu teu perlu.

3) Midangkeun Data

Midangkeun data nya éta prosés nepikeun jeung napsirkeun informasi anu geus dikumpulkeun jeung diréduksi, kalawan tujuan pikeun nyieun kacindekan, nyieun analisis, atawa méré pamahaman anu leuwih jero ngeunaan hiji fénoména. Prosés ieu ngalibatkeun ngatur data dina wangun anu gampang kaharti, kayaning tabél, grafik, atawa narasi, sarta ngajelaskeun harti jeung implikasi tina data. Midangkeun data penting pikeun nepikeun hasil panalungtikan ka panongton, boh dina wangun laporan, présentasi atawa publikasi, sangkan informasi nu dicokot bisa digunakeun kalawan éféktif.

4) Nyusun Kacindekan

Nyusun kacindekan nya éta prosés nyindekkeun jeung nepikeun hasil analisis data anu geus kakumpul jeung diolah, kalawan tujuan sangkan leuwih paham kana hasil panalungtikan. Dina ieu prosés, panalungtik bakal ngahubungkeun hasil analisis jeung tujuan panalungtikan, hipotésis, atawa pertanyaan anu ditanyakeun di mimiti. Kacindekan biasana ngawengku kasimpulan tina temuan utama, implikasi tina hasil panalungtikan, jeung saran atawa rékoméndasi pikeun panalungtikan salatulunya.

3.3 Tehnik Panalungtikan

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina panalungtikan ieu nya éta téhnik studi pustaka. Studi pustaka dilakukeun pikeun ngumpulkeun informasi anu diperlukeun pikeun ngahontal udagan ieu panalungtikan. Studi pustaka nya éta

téhnik ngumpulkeun data anu asalna tina sumber tinulis anu rélevan pikeun néangan jeung nangtukeun dasar tioritis anu aya patali jeung objék panalungtikan. Objék dina ieu panalungtikan nya éta rumpaka kawih dina album “Kagoda” anu dipopulérkeun ku Dewi Azkiya.

3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Sabada data dikumpulkeun, léngkah satuluyna nya éta ngolah data ngaliwatan sababaraha léngkah. Anu mimiti nya éta data disusun sacara runtut, tuluy dilakukeun analisis jeung interprétasi kalawan gemet pikeun ngungkab ma’na anu aya dina rumpaka kawih album “Kagoda”.

1) Téhnik Analisis Struktural

Analisis struktural dina ieu panalungtikan tujuanna pikeun ngaguar struktur pangwangun dina sajak. Saupama hayang maham sajak, kudu merhatikeun heula hubungan atawa patalina unsur-unsur minangka bagian tina sakabéh éta sajak. Culler (dina Anwari, 2016). Analisis struktural anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta analisis struktur puisi dumasar tiori I.A Richard jeung Alton C. Morris, anu baris dianalisis tina rumpaka kawih album “Kagoda” nya éta:

- (1) téma dina rumpaka kawih album “Kagoda” anu dipopulérkeun ku Dewi Azkiya.
- (2) nada dina rumpaka kawih album “Kagoda” anu dipopulérkeun ku Dewi Azkiya.
- (3) rasa dina rumpaka kawih album “Kagoda” anu dipopulérkeun ku Dewi Azkiya.
- (4) amanat dina rumpaka kawih album “Kagoda” anu dipopulérkeun ku Dewi Azkiya.
- (5) diksi dina rumpaka kawih album “Kagoda” anu dipopulérkeun ku Dewi Azkiya.
- (6) imaji dina rumpaka kawih album “Kagoda” anu dipopulérkeun ku Dewi Azkiya.
- (7) kecap kongkrit dina rumpaka kawih album “Kagoda” anu dipopulérkeun ku Dewi Azkiya.
- (8) gaya basa dina rumpaka kawih album “Kagoda” anu dipopulérkeun ku Dewi Azkiya.
- (9) purwakanti dina rumpaka kawih album “Kagoda” anu dipopulérkeun ku Dewi Azkiya.

2) Téhnik Analisis Kritik Sastra Féminis

Analisis kritik sastra féminis dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun ngaguar kumaha gambaran wanoja diréprésentasikeun dina rumpaka kawih album “Kagoda” anu dipopulérkeun ku Dewi Azkiya.

Analisis kritik sastra féminis anu digunakeun dina ieu panalungtikan dumasar tiori Yoder, anu nétélakeun yén kritik sastra féminis lain saukur kritik anu dilakukeun ku wanoja, ngeunaan wanoja, atawa kritik ngeunaan pangarang wanoja, tapi hiji usaha pikeun nempo jeung napsirkeun sastra tina perspéktif nu leuwih lega tur jero ngeunaan peran gender. Ku kituna, dina ieu panalungtikan nu rék dipesék téh nya éta:

- (1) réprésentasi wanoja dina rumpaka kawih album “Kagoda” anu dipopulérkeun ku Dewi Azkiya.
- (2) émosi anu aya dina rumpaka kawih album “Kagoda” anu dipopulérkeun ku Dewi Azkiya.
- (3) pangalaman wanoja anu aya dina rumpaka kawih album “Kagoda” anu dipopulérkeun ku Dewi Azkiya.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta alat anu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data anu diperlukeun pikeun ngajawab masalah panalungtikan, ieu hal luyu jeung anu ditétélakeun ku Sugiyono (2015), instrumén panalungtikan nya éta alat anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina panalungtikan, boh dina wangun angkét, pedoman wawancara pedoman observasi atawa alat ukur séjénna anu luyu jeung jenis panalungtikan. Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta tabél data, anu gunana pikeun ngumpulkeun jeung mindahkeun data anu geus aya sangkan gampang dina prosés nganalisis datana.

3.4.1 Instrumén Ngumpulkeun Data

Instrumén ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan ngagunakeun tabél data minangka alat utama pikeun ngumpulkeun informasi ngeunaan réprésentasi wanoja dina rumpaka kawih album “Kagoda” anu dipopulérkeun ku Dewi Azkiya. Tabél

data dirancang pikeun nyatet unsur-unsur penting anu aya dina rumpaka kawih album “Kagoda” anu dipopulérkeun ku Dewi Azkiya. Sangkan leuwih jéntré, instrumén ieu panalungtikan digambarkeun dina tabél di handap ieu.

Tabél 3.1
Instrumén Ngumpulkeun Data Struktur Batin Puisi

No	Judul Kawih	Kode Data	Analisis	Cutatan
1.			Téma	
			Nada	
			Rasa	
			Amanat	

Tabél 3.2
Instrumén Ngumpulkeun Data Struktur Lahir Puisi

No	Judul Kawih	Kode Data	Analisis	Cutatan
1.			Diksi	
			Imaji	
			Kecap Kongkrit	
			Gaya Basa	
			Purwakanti	

Tabél 3.3
Instrumén Ngumpulkeun Data Kritik Sastra Féminis

No	Judul Kawih	Kode Data	Analisis	Cutatan
1.			Réprésentasi Wanoja	
			Émosi Wanoja	
			Pangalaman Wanoja	

Tabél 3.4
Instrumén Ngumpulkeun Data Struktur Lahir Puisi
Diksi

No	Judul Kawih	Kode	Diksi	Cutatan
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1.	Kagoda	KGD/01/02	Kabandang	<i>abdi kabandang ku diri engkang</i>

Tabél 3.5
Instrumén Ngumpulkeun Data Struktur Lahir Puisi
Imaji Pangrasa

No1	Judul Kawih	Kode Data	Imaji Pangrasa	Cutatan
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1.	Kagoda	KGD/01/01	Kagoda	<i>akang abdi kagoda</i>

Tabél 3.6
Instrumén Ngumpulkeun Data Struktur Lahir Puisi
Imaji Panénjo

No	Judul Kawih	Kode Data	Imaji Panénjo	Cutatan
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1.	Kagoda	KGD/01/03	Ilang	<i>akang panutan ati nu lawas ilang</i>

Tabél 3.7
Instrumén Ngumpulkeun Data Struktur Lahir Puisi
Imaji Pangrungu

No	Judul Kawih	Kode Data	Imaji Pangrungu	Cutatan
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1.	Kagoda	KGD/01/06	Wartosna	<i>taya wartosna batin nalangsa</i>

Tabél 3.8
Instrumén Ngumpulkeun Data Struktur Lahir Puisi
Imaji Taktil

No	Kode Data	Judul Kawih	Cutatan	Imaji Taktil
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1.	KGD/01/23	Kagoda	<i>nembus jajantung katresna</i>	Nembus

Tabél 3.9
Instrumén Ngumpulkeun Data Struktur Lahir Puisi
Kecap Kongkrit

No	Judul Kawih	Kode Data	Kecap Kongkrit	Cutatan
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1.	Kagoda	KGD/01/02	Diri	<i>Abdi kabandang ku diri engkang</i>

Tabél 3.10
Instrumén Ngumpulkeun Data Struktur Lahir Puisi
Gaya Basa Ngumpamakeun (*simile*)

No	Judul Kawih	Kode Data	Ngumpamakeun (<i>simile</i>)	Cutatan
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1.	Saguling	SGL/03/03	Silih Siram	<i>silih siram kahéman anu duaan</i>

Tabél 3.11
Instrumén Ngumpulkeun Data Struktur Lahir Puisi
Gaya Basa Lalandian (*metafora*)

No	Judul Kawih	Kode Data	Lalandian (<i>metafora</i>)	Cutatan
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1.	Kagoda	KGD/01/02	Panutan Ati	<i>akang panutan ati nu lawas ilang.</i>

Tabél 3.12
Instrumén Ngumpulkeun Data Struktur Lahir Puisi
Gaya Basa Rarahulan (*hiperbola*)

No	Judul Kawih	Kode Data	Rarahulan (<i>hiperbola</i>)	Cutatan
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1.	Kagoda	KGD/01/05 KGD/01/06	Batin Nalangsa	<i>akang atuh di mana taya wartosna batin nalangsa</i>

Tabél 3.13
Instrumén Ngumpulkeun Data Struktur Lahir Puisi
Gaya Basa Mindoan (*repetisi*)

No	Judul Kawih	Kode Data	Mindoan (<i>repetisi</i>)	Cutatan
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1.	Kagoda	KGD/01/14	Siang, Wengi	<i>siang wengi émut baé</i>

Tabél 3.14
Instrumén Ngumpulkeun Data Struktur Lahir Puisi
Gaya Basa Mijalma (*personifikasi*)

No	Judul Kawih	Kode Data	Mijalma (<i>personifikasi</i>)	Cutatan
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1.	Béntang Impian	BI/02/15	Panto haté kabuka	<i>panto haté kabuka</i>

Tabél 3.15
Instrumén Ngumpulkeun Data Struktur Lahir Puisi
Gaya Basa Kadalon (*pleonasme*)

No	Judul Kawih	Kode Data	Kadalon (<i>pleonasme</i>)	Cutatan
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1.	Layung Langit	LL/04/04	Asmara Cinta	<i>asmara cinta munggaran</i>

Tabél 3.16
Instrumén Ngumpulkeun Data Struktur Lahir Puisi
Purwakanti Pangluyu

No	Judul Kawih	Kode Data	Purwakanti Pangluyu	Cutatan
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1.	Kagoda	KGD/01/02	Kabandang, Engkang	<i>abdi kabandang ku diri engkang</i>

Tabél 3.17
Instrumén Ngumpulkeun Data Struktur Lahir Puisi
Purwakanti Maduswara

No	Judul Kawih	Kode Data	Purwakanti Maduswara	Cutatan
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1.	Kagoda	KGD/01/01	Vokal 'a'	<i>akang abdi kagoda</i>

Tabél 3.18
Instrumén Ngumpulkeun Data Struktur Lahir Puisi
Purwakanti Larasmadya

No	Judul Kawih	Kode Data	Purwakanti Larasmadya	Cutatan
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1.	Kagoda	KGD/01/14 KGD/01/15	Wengi	<i>siang wengi émut baé mun wengi sering kaimpi</i>

Tabél 3.19
Instrumén Ngumpulkeun Data Struktur Lahir Puisi
Purwakanti Laraswekas

No	Judul Kawih	Kode Data	Purwakanti Laraswekas	Cutatan
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1.	Kagoda	KGD/01/02 KGD/01/03	Sada 'ang'	<i>abdi kabandang ku diri engkang akang panutan ati nu lawas ilang</i>

Tabél 3.20
Instrumén Ngumpulkeun Data Struktur Batin Puisi
Téma

No	Judul Kawih	Kode Data	Téma	Cutatan
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1.	Kagoda	KGD/01/18 KGD/01/19	Rasa Sono	<i>iraha rék tepang deui</i> <i>iraha rék ngobrol deui</i>

Tabél 3.21
Instrumén Ngumpulkeun Data Struktur Batin Puisi
Nada (tone)

No	Judul Kawih	Kode Data	Nada (tone)	Cutatan
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1.	Kagoda	KGD/01/02	Meupeuh Lemes	<i>abdi kabandang ku diri engkang</i>

Tabél 3.22
Instrumén Ngumpulkeun Data Struktur Batin Puisi
Rasa (feeling)

No	Judul Kawih	Kode Data	Rasa (feeling)	Cutatan
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1.	Kagoda	KGD/01/07 KGD/01/08	Sono	<i>akang geura jol sumping</i> <i>abdi teu sabar lami ngantosan</i>

Tabél 3.23
Instrumén Ngumpulkeun Data Struktur Batin Puisi
Amanat

No	Judul Kawih	Kode Data	Amanat	Cutatan
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1.	Kagoda	KGD/01/05 KGD/01/06 KGD/01/07 KGD/01/08	Rasa cinta jeung sono anu jero ka jalma anu dipikanyaah	<i>akang atuh di mana</i> <i>taya wartosna batin nalangsa</i> <i>akang geura jol sumping</i> <i>abdi teu sabar lami ngantosan</i>

jeung unsur émosional penting nu kapanggih dina dalapan rumpaka kawih dina album “Kagoda” nu dipopulérkeun ku Dewi Azkiya.

Ngolah data dina ieu panalungtikan ngagunakeun métode analisis eusi kalawan pamarekan déskriptif kualitatif. Data anu geus dikumpulkeun tuluy dipilih, diklasifikasikeun nurutkeun unsur struktural jeung féminisme, sarta dianalisis ku cara ngainterprétasi eusi rumpaka pikeun nangtukeun réprésentasi émosi wanoja dina kawih. Sangkan leuwih jéntré, instrumén ngolah data ieu panalungtikan digambarkeun dina tabél di handap ieu.

1) Tabél Data Struktural

Tabél 3.27
Instrumén Ngolah Data
Diksi

No	Kode Data	Cutatan	Diksi	Interprétasi
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1.	KGD/01/02	<i>abdi kabandang ku diri engkang</i>	Kabandang	Kecap ‘kabandang’ dina kamus Danadibrata (2006, kc. 59) hartina katangkep ku jalma anu maké tali bandang. Sedengkeun dina ieu rumpaka, kecap ‘kabandang’ digunakeun pikeun ngagambarkeun tokoh abdi anu dicaritakeun téh kairut ku tokoh engkang anu aya dina jero carita ieu rumpaka

Tabél 3.28
Instrumén Ngolah Data
Imaji Pangrasa

No	Kode Data	Cutatan	Imaji Pangrasa	Interprétasi
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1.	KGD/01/01	<i>akang abdi kagoda</i>	Kagoda	Kecap “kagoda” ngagambarkeun hiji jalma anu ngarasa kagoda atawa kairut ku tokoh akang ngaliwatan indera pangrasana.

Tabél 3.29
Instrumén Ngolah Data
Imaji Panénjo

No	Kode Data	Cutatan	Imaji Panénjo	Interprétasi
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1.	KGD/01/03 KGD/01/04	<i>akang panutan ati nu lawas ilang datang némbongan</i>	Ilang	Kecap “ilang” ngagambarkeun hiji hal anu henteu katingali deui, atawa leungit anu bisa katempo ku indera panénjo.

Tabél 3.30
Instrumén Ngolah Data
Imaji Pangrungu

No	Kode Data	Cutatan	Imaji Pangrungu	Interprétasi
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1.	KGD/01/06	<i>taya wartosna batin nalangsa</i>	Ilang	Kecap “wartosna” ngandung harti kabar atawa sora nu biasana kadéngé ku indera pangrungu.

Tabél 3.31
Instrumén Ngolah Data
Imaji Taktil

No	Kode Data	Cutatan	Imaji Taktil	Interprétasi
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1.	KGD/01/23	<i>nembus jajantung katresna</i>	Nembus jajantung	Kecap “nembus jajantung” ngagambarkeun rasa cinta anu karasa pisan nepi ka jero awak, siga karasa nepi ka jero jantung, éta hal nuduhkeun rasa nu bisa karasa ku awak.

Tabél 3.32
Instrumén Ngolah Data
Kecap Kongrit

No	Kode Data	Cutatan	Kecap Kongkrit	Interprétasi
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1.	KGD/01/23	<i>nembus jajantung katresna</i>	Jajantung	Kecap ‘jajantung’ nya éta hiji bagian jero dada bangunna saperti jantung, demi gunana pikeun ngompa ngajalankeun

No	Kode Data	Cutatan	Kecap Kongkrit	Interprétasi
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
				getih saluar badan. Danadibrata (2006, kc. 283)

Tabél 3.33
Instrumén Ngolah Data
Gaya Basa Ngumpamakeun (*simile*)

No	Kode Data	Cutatan	Gaya Basa Ngumpamakeun (<i>simile</i>)	Interprétasi
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1.	KGD/01/02	<i>abdi kabandang ku diri engkang</i>	Kabandang	Kecap “kabandang” mangrupa gaya basa anu digunakeun pikeun ngagambarkeun rasa kagémang atawa bogoh ka hiji jalma.

Tabél 3.34
Instrumén Ngolah Data
Gaya Basa Lalandian (*metafora*)

No	Kode Data	Cutatan	Gaya Basa Lalandian (<i>metafora</i>)	Interprétasi
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1.	KGD/01/03 KGD/01/04	<i>akang panutan ati nu lawas ilang datang némbongan</i>	Panutan ati	Kecap “panutan ati” mangrupa landian pikeun jalma anu dipikanyaah, tempat ditumpangkeunna rasa cinta jeung kayakinan.

Tabél 3.35
Instrumén Ngolah Data
Gaya Basa Rarahulan (*hiperbola*)

No	Kode Data	Cutatan	Gaya Basa Rarahulan (<i>hiperbola</i>)	Interprétasi
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1.	KGD/01/05 KGD/01/06	<i>akang atuh dimana taya wartosna batin nalangsa</i>	Batin nalangsa	Frasa “batin nalangsa” ngagambarkeun rasa sedih anu kacida jero nepi ka taya nu bisa nyageurkeun.

Tabél 3.36
Instrumén Ngolah Data
Gaya Basa Mindoa (*repetisi*)

No	Kode Data	Cutatan	Gaya Basa Mindoa (<i>repetisi</i>)	Interprétasi
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1.	KGD/01/01 KGD/01/02	<i>akang abdi kagoda</i> <i>abdi kabandang ku diri engkang</i>	Abdi	Kecap “abdi” dina ieu rumpaka dibalikan deui pikeun negeskeun kajadian anu dirasakeun ku diri sorangan.

Tabél 3.37
Instrumén Ngolah Data
Gaya Basa Mijalma (*personifikasi*)

No	Kode Data	Cutatan	Gaya Basa Mijalma (<i>personifikasi</i>)	Interprétasi
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1.	BI/02/15	<i>panto haté kabuka</i>	Panto haté kabuka	Kecap “panto haté kabuka” digambarkeun bisa kabuka, siga makhluk hirup nu bisa réaksi kana kaayaan, padahal panto haté téh mangrupa hal anu abstrak.

Tabél 3.38
Instrumén Ngolah Data
Gaya Basa Kadalon (*pleonasme*)

No	Kode Data	Cutatan	Gaya Basa Kadalon (<i>pleonasme</i>)	Interprétasi
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1.	KGD/01/10	<i>bet kapingancam</i> <i>kabayang-bayang</i>	Kapingancam, kabayang-bayang	Kecap “kapingancam” jeung “kabayang-bayang” digunakeun pikeun negeskeun yén émutan ka jalma nu dipikacinta geus ngasupan pikiran jeung rasa.

Tabél 3.39
Instrumen Ngolah Data
Purwakanti Pangluyu

No	Kode Data	Cutatan	Purwakanti Pangluyu	Interprétasi
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1.	KGD/01/02	<i>abdi kabandang ku diri engkang</i>	Kabandang, Engkang	Dina ieu padalisan, aya sora atawa wianjana anu sarua nya éta dina kecap “kabandang” jeung “engkang”.

Tabél 3.40
Instrumen Ngolah Data
Purwakanti Maduswara

No	Kode Data	Cutatan	Purwakanti Maduswara	Interprétasi
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1.	KGD/01/01	<i>akang abdi kagoda</i>	Akang, Kagoda	Ieu ungkara téh murwakanti dina sora vokal panungtung dina unggal kecapna nya éta vokal ‘a’.

Tabél 3.41
Instrumen Ngolah Data
Purwakanti Larasmadya

No	Kode Data	Cutatan	Purwakanti Larasmadya	Interprétasi
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1.	KGD/01/14 KGD/01/15	siang <i>wengi</i> émut baé mun <i>wengi</i> sering kaimpi	Wengi	Dina ieu pada, aya kecap anu dibalikan deui di téngah ungkara, nya éta kecap “wengi”.

Tabél 3.42
Instrumen Ngolah Data
Purwakanti Laraswekas

No	Kode Data	Cutatan	Purwakanti Laraswekas	Interprétasi
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1.	KGD/01/02 KGD/01/03	abdi kabandang ku diri <i>engkang</i> akang panutan ati nu lawang <i>ilang</i>	Engkang, Ilang	Ieu pada téh murwakanti dina engang panungtung unggal padalisan. Padalisan kahiji jeung kadua sarua tungtungna

No	Kode Data	Cutatan	Purwakanti Laraswekas	Interprétasi
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
				‘ang’ dina kecap “engkang” jeung “ilang”.

Tabél 3.43
Instrumén Ngolah Data
Téma

No	Kode Data	Cutatan	Téma	Interprétasi
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1.	KGD/01/14	<i>siang wengi émut baé</i>	Rasa Cinta jeung Rasa Sono	Téma anu aya dina ieu rumpaka nya éta rasa sono ka jalma anu dipikacinta, lantaran aya rumpaka anu ngagambarkeun rasa cinta jeung harepan saperti frasa “engkang téh pucuk harepan”, “kembang impian”, “iraha rék tepatang deui”, jeung rasa sono anu terus-terusan saperti, “siang wengi émut baé”.
	KGD/01/17	<i>duh aduh engkang</i>		
	KGD/01/18	<i>iraha rék tepatang deui</i>		
	KGD/01/19	<i>iraha rék ngobrol deui</i>		
	KGD/01/20	<i>pan abdi kangen ka engkang</i>		
	KGD/01/21	<i>engkang téh pucuk harepan</i>		
	KGD/01/22	<i>kembang impian</i>		

Tabél 3.44
Instrumén Ngolah Data
Rasa (feeling)

No	Kode Data	Cutatan	Rasa (feeling)	Interprétasi
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1.	KGD/01/07	<i>akang geura jol sumping</i>	Teu sabar, Iraha rék tepatang deui, Kangen	Rasa dina ieu rumpaka nya éta rasa sono. Bisa katitén tina pamakéan kecap “kangen” nu langsung ngébréhkeun rasa sono pikeun nu dipikacinta. Sajaba ti éta, rumpaka “teu sabar” némbongkeun <i>ketidakberdayaan</i> sarta kahayang pikeun papanggih. Frasa “iraha rék tepatang deui” ngagambarkeun harepan nu jero jeung rasa kangen pikeun papanggih deui.
	KGD/01/08	<i>abdi teu sabar lami ngantos</i>		
	KGD/01/18	<i>iraha rék tepatang deui</i>		
	KGD/01/19	<i>iraha rék ngobrol deui</i>		
	KGD/01/20	<i>pan abdi kangen ka engkang</i>		

Tabél 3.45
Instrumén Ngolah Data
Nada (*tone*)

No	Kode Data	Cutatan	Nada (<i>tone</i>)	Interprétasi
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1.	KGD/01/01 KGD/01/02	<i>akang abdi kagoda abdi kabandang ku diri engkang</i>	Meupeuh Lemes	Nada anu dina ieu rumpaka nya éta nada meupeuh lemes, lantaran ieu rumpaka eusina ngébrehkeun rasa cinta, sono jeung harepan. Katitén tina rumpaka “akang abdi kagoda”, “abdi kabandang ku diri engkang”, “akang panutan ati nu lawas ilang”, “datang némbongan”, anu ngagambarkeun émosi romantis.

Tabél 3.46
Instrumén Ngolah Data
Amanat

No	Kode Data	Cutatan	Amanat	Interprétasi
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1.	KGD/01/11 KGD/01/12	<i>Tali harepan urang duaan, sing lana manjang</i>	Pentingna komunikasi	Ieu rumpaka ngébréhkeun perasaan wanoja nu keur bogoh jeung sono ka jalma anu dipikacintana. Amanat anu aya dina ieu rumpaka nya éta pentingna komunikasi dina hubungan jeung kasabaran dina ngantian pasangan anu jauh.

2) Tabél Data Féminisme

Tabél 3.47
Instrumén Ngolah Data
Réprésentasi Wanoja

No	Kode Data	Cutatan	Réprésentasi Wanoja	Interprétasi
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1.	KGD/01/01 KGD/01/02	<i>akang abdi kagoda abdi kabandang ku diri engkang</i>	Kagoda, Kabandang	Kecap “kagoda” jeung “kadabandang” nuduhkeun yén wanoja téh digambarkeun

No	Kode Data	Cutatan	Réprésentasi Wanoja	Interprétasi
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
				gampang kagémbang ku cinta lalaki.

Tabél 3.48
Instrumén Ngolah Data
Émosi Wanoja

No	Kode Data	Cutatan	Émosi Wanoja	Interprétasi
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1.	KGD/01/01 KGD/01/02	<i>akang abdi kagoda abdi kabandang ku diri engkang</i>	Kagoda, Kabandang	Dina ieu rumpaka ngagambarkeun émosi psikologis sosial, hususna rasa cinta jeung kagémbang. Kecap “kagoda” nuduhkeun perasaan wanoja anu teu nyangka ku munculna lalaki anu dipikacinta, sedengkeun kecap “kabandang” nuduhkeun aya daya tari nu teu dibisa dilawan, nepi ka wanoja teu sanggup nyanghareupan éta perasaan.

Tabél 3.49
Instrumén Ngolah Data
Pangalaman Wanoja

No	Kode Data	Cutatan	Pangalaman Wanoja	Interprétasi
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1.	KGD/01/11 KGD/01/12	<i>tali harepan urang duaan sing lana manjang</i>	Ngaréprésentasikeun wanoja anu sono	Dina ieu rumpaka, pangalaman wanoja digambarkeun masih ngaharepkeun hubunganana bakal langgeng, padahal lalakina geus lila euweuh béja.

3.5 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

3.5.1 Data

Data panalungtikan mangrupa informasi atawa fakta anu dikumpulkeun sarta dianalisis dina hiji panalungtikan pikeun ngajawab pertanyaan panalungtikan, nguji hipotésis, atawa paham kana hiji fénoména nu tangtu. Ieu data bisa mangrupa angka, téks, gambar, atawa wangun séjén nu rélevan, sarta bisa dimeunangkeun ngaliwatan rupa-rupa métode, kayaning survéy, wawancara, observasi, atawa ékspérimén. Ku kituna, data dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh informasi anu patali jeung struktur lahir jeung batin dina rumpaka kawih album “Kagoda” anu dipopulérkeun ku Dewi Azkiya sarta unsur féminisme anu aya dina rumpaka kawih album “Kagoda” anu dipopulérkeun ku Dewi Azkiya.

3.5.2 Sumber Data

Sumber data panalungtikan dibagi jadi dua kategori utama, nya éta sumber data primér jeung sumber data sékundér. Sumber data primér nya éta data anu dimeunangkeun langsung tina sumber asli atawa objék anu ditalungtik. Dina panalungtikan kualitatif, sumber data primér bisa mangrupa wawancara, observasi, atawa dokumén anu dihasilkeun langsung ku subjék anu ditalungtik. Sumber data sékundér, nya éta ngarujuk kana data anu dimeunangkeun ngaliwatan perantara, saperti pustaka, artikel, buku, jeung hasil panalungtikan saméméhna anu aya patalina jeung topik anu ditalungtik (Sugiyono, 2015).

Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta rumpaka kawih anu dipopulérkeun ku Dewi Azkiya dina album “Kagoda”. Dina album “Kagoda”, aya 10 judul kawih anu dipidangkeun ku Dewi Azkiya. Nanging, dina ieu panalungtikan, anu baris dianalisis nya éta 8 judul kawih anu dipilih ku panalungtik. Kawih anu dipilih téh eusina ngeunaan ébréhan rasa wanoja. Sangkan leuwih jéntré, sumber data ieu panalungtikan digambarkeun dina tabél ieu di handap

Tabél 3.50
Data Nomer Urutan Kawih

No.	Kode Kawih	Judul Kawih	Keterangan
1.	KGD/01/xx	Kagoda	Dianalisis
2.	BI/02/xx	Béntang Impian	Dianalisis
3.	SGL/03/xx	Saguling	Dianalisis
4.	LL/04/xx	Layung Langit	Dianalisis
5.	MÉ/05/xx	Mumunggang Éndah	Dianalisis
6.	NS/06/xx	Nampi Serat	Dianalisis
7.	TS/07/xx	Teu Sangka	Dianalisis
8.	SB/08/xx	Sulaya Basa	Dianalisis

Keterangan:

Conto kode : KGD/01/02
 KGD : Judul Kawih
 01 : Nomer Urutan Kawih
 02 : Padalisan Kadua